Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# ГӀалгӀайчуьра йахархочунна депортаци ца йайта дуьхьал йу Чехера кхел

Марсхьокху-бутт 07, 2026




Чехин Конституцин кхел реза ца хилла ГӀалгӀайчуьра йахархо шайн пачхьалкхера арайаккха бина сацам хийца. Пачхьалкхан Ӏедалхоша цунна депортаци йан сацам бина, Чехин пачхьалкхан вахархочуьнгахь иза марехь йоллушехь, цу шиннан бер а доллушехь, йаздо Novinky.cz сайто. Терроризмца боьзна болчу нахаца цуьнан зӀенаш хилар а, цара къоман кхерамзаллина латтош кхерам хиларна а тӀетевжина кхелахой. Ша зудчо дӀахьедина, ша зӀенехь йолу нах кхераме хиларх информаци шена йовзийтина йац аьлла.

Чехин вахархочуьнца телефонехула мах бина хилла цо. Цул тӀаьхьа Оьрсийчуьра Чехи кхаьчна иза микроавтобус тӀехь, цо дийцарехь. Праге схьакхаьчначул тӀаьхьа цо хӀаллакдина шегара Оьрсийчоьнан кехаташ, шена оцу пачхьалкхехь йаха бакъо йаьккхина а ца хилла. Делахь а цул тӀаьхьа шена тховкӀело йехна хиллера цо, йуьйр йу бохуш, ГӀалгӀайчуьра кхерамаш туьйсу шена, цигахь зударий балехь латтош бу а аьлла. Цунна тховкӀело йала дуьхьал хилла Ӏедалхой, нагахь санна,

ГӀалгӀайчуьра кхерамаш тийсарх, "Оьрсийчоьнан муьлххачу а регионехь йаха йиш йу хьан" аьлла.

Шена депоратци йар къийсира цо, ша Чехин вахархочуьнгахь марехь а йу бохуш. Ӏедалша дуьхьало йира, бакъо йоцуш шайн пачхьалкхе кхаьчначул тӀаьхьа бен цуьнан шен цӀийндеца йукъаметтиг хилла йац аьлла.

"И зуда Чехехь йехаш йолу дукха хан йац; иза къона а, могуш а йу. Шен хӀусамда Оьрсийчохь вевзина ву цунна, цхьана а хӀумано новкъарло ца йо цунна, шен зудчунна тӀаьххьа дӀаваха", - дуьйцу Novinky.cz гӀирсо, Лакхарчу административан кхелан жоьпана тӀетевжина.

ГӀалгӀайчуьра йахархо гӀиртира Конституцин кхелехь шен депорт йар къовса, цо чӀагӀдора, оцу хеначохь шен йоӀ дуьненчу а йаьлла, ткъа ша пачхьалкхера арайаккхаро шен доьзалан дахаран бакъо йохайо бохуш.

Иштта цо чӀагӀдора, шен аьтто ца баьлла къайлахчу сервисийн тептаршна тӀекхача, цара кхераме йу аьлла, билгалъяьхна контакташ йовза а. Кхело йухатоьхна цуьнан чӀагӀдарш. Ткъа кхело хьесап дина, дуьйцург ларамза девзина цхьаъ-шиъ адам дац, йуьйцурш "билггала пачхьалкхана а, йукъараллина а кхерам бохьу уьйраш йу" аьлла.

- Казахстанехь а, Хорватехь а тховкӀело йаккха хьийзачу Къилбаседа Кавказера бахархоша дӀахьедира, шайн бакъонаш луьра хьоьшуш хиларх. Даймахкахь царна кхерам лаьтташехь, миграцин хьукматаша тховкӀело йала дуьхьалонаш а йеш, Оьрсийчу дӀахьийсабо уьш. Оцу тӀехула масех иттаннашкахь кавказхоша мацалла кхайкхийра, ткъа ша Украинана дуьхьал тӀом бан хьажорна ведда Нохчийчуьра вахархо масех кӀиранаш аэропортан транзитан зонехь латтийра Казахстанехь. Бакъонашларйархоша дийцира тхан сайте оцу хӀоьттинчу хьолах лаьцна.

- Венерчу Германин векалтана хьалха гулам дӀабаьхьира дозанал арахьарчу нохчийн диаспоро, бакъо йоцуш Европера нохчийн мухӀажарш арабахарна дуьхьал. Митинг дӀайахьаран бахьана дара Сербехь тховкӀело ца йелла 6Ӏ шо долу нохчийн махкахо Оьрсийчу дӀахьажор.

- Австрехь нохчийн диаспоран векалша митинг дӀайаьхьира Кремс гӀаларчу набахтена хьалха. Гулбеллачара тӀедожийра бозуш боцу, цӀена, эвсара талламаш дӀабахьар пачхьалкхерчу набахтешкахь нах баларан хьокъехь. Жигархоша иштта дӀахьедира Нохчийчуьра бахархошна депортацеш йан мегарг цахиларх, нагахь санна, царна даймахкахь кхерам лаьтташ белахь.

- Цул а хьалха Эстонин Iедалша махках ваьккхира, шайга тховкIедо йоьхуш хилла Нохчийчуьра вахархо. Цунна тIе ца битира адвокаташ, ца витира иза ша-шен бакъонаш Iалашйан а, бохура Дунаева Розас.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю